



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO INISYATIV AK ENVESTISMAN NAN SEKIRITE PIBLIK POU REDUI VYOLANS AK ZAM AK KRIM VYOLAN

Ogmante inite estabilizasyon kominotè Lapolis Eta New York yo, ranfòse patisipasyon ofisye lapolis eta nan fòs entèvansyon federal yo epi ogmante ran divizyon an nan ofri kat klas akademi san parèy pou sila yo fèk rekrute yo

Double finansman Eta a pou Inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (GIVE) ke yo rekonèt nan tout peyi a ak plis pase triple èd pou 62 biwo pwokirè distri Eta a

Fè investisman rekò nan altènativ a anprizònman ak pwogram re-entegrasyon ki redui residivis ak pwopoze klarifye lwa sou liberasyon sou kosyon pou pi byen pwoteje Nouyòkè yo

Ranfòse repons Eta a pou lite kont sikilasyon Fentanil nan kominote yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a, nan kad ajanda sou Eta Leta 2023 a, te anonse gwo inisyativ ak investisman nan sekirite piblik, elaji pwogram ak sèvis ki pwouve yo pou diminye plis vyolans ak zam ak lòt krim vyolan, diminye residivis, lite kont sikilasyon fentanil ki ka touye moun ak amelyore efikasite nan sistèm tribinal la, ke pandemi an te deranje. Gouvènè a ap pwopoze yon plan global pou elaji kantite inite estabilizasyon kominotè lapolis Eta New York, ranfòse patisipasyon ofisye lapolis eta nan fòs entèvansyon federal yo, epi ogmante ran lapolis Eta a nan ofri kat klas akademi san parèy. Gouvènè Hochul ap pwopoze tou pou double finansman pou inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) nan Eta a ke yo rekonèt nan tout peyi a, plis pase triple èd pou sibvansyon pouswit jidisyè yo pou 62 biwo avoka distri Eta yo, epi investi finansman rekò nan altènativ pou pwogram anprizònman ak re-entegrasyon pou redui residivis, ogmante opòtinite pou moun k ap retounen lakay yo apre yo fin peye pèn nan prizon, amelyore kalite lavi nan katye yo epi fè kominote yo vin pi an sekirite.

"Sekirite piblik se priyorite prensipal mwen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pran angajman pou m sèvi ak tout zouti ki disponib pou m pwoteje moun nan eta sa a, konbat vyolans ak zam ak krim vyolan, epi investi nan solisyon pwouve ki kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

"Nan New York, nou pran angajman pou diminye krim, bati katye ki pi an sekirite, epi brize sik residivis yo," **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Envestisman dirèk sa yo nan kominote nou yo pral kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi kenbe eta nou an ap vanse".

Nouvo envestisman Gouvènè a pral pèmèt Lapolis Eta New York, Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS), ak Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) elaji finansman, pwogram ak sèvis ki pwouve yo fè ladiferans. Gouvènè Hochul pral travay tou avèk Lejislati a pou klarifye lwa sou kosyon Eta a yon fason pou retabli konfyans nan sistèm jistis kriminèl nou an.

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta a, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Nou konsantre sou travay avèk patnè ki fè respekte lalwa nou yo pou konstwi sou siksè nou te genyen nan retire zam ilegal nan kominote nou yo epi redui vyolans ak zam nan tout eta a. Pwopozisyon Gouvènè Hochul la asire nou pral gen resous adisyonèl ki nesèsè pou akonpli misyon sa konplètman. Nou apresye lidèchip Gouvènè a ak sipò kontinyèl Lapolis Eta a".

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Gouvènè Hochul te fè avanse yon estrateji konplè pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi ede asire sistèm jistis nou an pou tout moun. Gouvènè a ap kontinye kreye yon eta ki pi an sekirite nan elaji ak amelyore pwogram ki pwouve yo efikas pou anpeche vyolans ak zam, redui residivis ak adrese bezwen kominote a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip solid li ak pou sipò li nan estrateji sekirite piblik ki mache, ki gen ladan inisyativ GIVE nou an, Rezo Sant Analiz Krim, altènativ pou anprizònman ak detansyon, ak finansman enpòtan pou refòm jistis resan yo, ki gen ladan pwosedi dekouvèt ak anvan pwosè".

Komisè pa Entèrim Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, Anthony J. Annucci, te deklare, "Depatman an fyè de travay ofisye libète kondisyonèl nou yo, envestigatè yo ak lòt patnè ki fè respekte lalwa yo ap fè ki patisipe nan inisyativ GIVE ki te lakòz yo sezi yon kantite siyifikatif zam afe ilegal, pou pwoteje lòt Nouyòkè yo. Mwen felisite Gouvènè a pou apwòch ekilibre li sou plizyè pati nan sekirite piblik ak finansman amelyore pou GIVE, nan bay resous pou sipòte altènativ a anprizònman, pandan sa ap ogmante itilizasyon Depatman an nan siveyans elektwonik ak amelyore sipèvizyon entansif atravè inisyativ Sipèvizyon Kont Angajman Vyolan (Supervision Against Violent Engagement, SAVE)".

Lapolis Eta New York (New York State Police, NYSP)

Inite estabilizasyon kominotè yo te jwe yon wòl enpòtan nan apwòch miltip Lapolis Eta a pou entèdi zam afe ilegal yo epi bay ajans lapolis lokal ki pa gen ase moun yo resous pou yo fè fas aktivman a ogmantasyon nan krim ak pwoblèm k ap parèt yo. Ofisye lapolis eta yo, ki gen ladan detay kanin, ak envestigatè ki plase nan inite sa yo itilize yon varyete taktik, tankou detay sible, patwouy devwe, kolaborasyon ak pwopriyete biznis

ak manm kominote a, pou adrese vyolans ak kalite lavi nan katye yo. Inite yo ede tou dekouraje aktivite kriminèl lè yo ede kominote lokal yo ogmante prezans lapolis fizik epi kominike avèk piblik la pou konprann enkyetid yo. Pwopozisyon Gouvènè Hochul la pral ogmante kantite inite sa yo soti 16 rive 25.

Lapolis Eta a pral elaji prezans li nan fò entèkansyon federal yo, ranfòse angajman li pou kolabore ak patnè yo pou retire zam ilegal nan lari epi redui krim vyolan. Patisipasyon nan fòs entèkansyon sa yo bay tou pi gwo aksè a enfòmasyon ak sèvis ransèyman, epi fòs entèkansyon federal yo gen otorite ak resous pou konble diferans ki genyen an plis san pwoblèm atravè fwontyè eta, konte ak lokal yo. Anplis de sa, Gouvènè a pral travay avèk pwokirè yo ak lapolis pou asire yo kapab voye ADN sou tout zam krim yo nan Eta New York bay Bank Done ADN eta a epi analize yo pi vit pou plis pwofite pouvwa lasyans pou rezoud krim yo.

Finalman, Gouvènè a pral pwopoze finansman adisyonèl pou kat klas akademi Lapolis Eta san parèy pou akselere rekonstriksyon fòs la, ki vreman pi ba tout kapasite yo. Sa pral pèmèt Divizyon an konsakre plis ofisye lapolis eta nan efò ki konsantre sou konbat krim grav.

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (DCJS) Eta New York

Anvan pandemi COVID-19 la, New York te reyalize rediksyon rekò nan vyolans ak zam atravè apwòch miltip li nan pwogram ak estrateji ki pwouve, ki gen ladan GIVE, Inite Estabilizasyon Kominotè, pwogram SNUG Street Outreach, kolaborasyon ak koperasyon ant ajans, analiz krim, ansanm ak pataj done ak enfòmasyon pami ajans lokal, eta ak federal ki fè respekte lalwa yo. An 2019, Eta New York rapòte 304 omisid ki gen rapò ak zam afe, dezyèm nimewo ki pi ba pandan peryòd 10 ane a soti 2011 jiska 2020. Sèlman 2017 ki te gen mwens: 296. Kantite ensidan fiziyad ki enplike blesi ak kantite viktim fiziyad 20 depatman lapolis ki patisipe nan pwogram GIVE la te rapòte te bese tou chak ane ant 2016 jiska 2019, lè tou de te rive nan nivo ki pi ba nan 10 ane. Endis krim yo rapòte yo te bese chak ane tou pandan sèt ane, yo te rive nan yon nivo rekò ki ba an 2019. New York te se eta ki pi an sekirite nan 10 pi gwo eta nan nasyon an.

Vyolans ak zam te ogmante atravè peyi a an 2020 ak 2021, lè New York ak lòt eta yo te fè fas ak yon pandemi ki te afekte tout aspè lavi yo epi ki te deranje jistis kriminèl ak sistèm tribinal yo anpil, epi ki te fè eksperyans ajitasyon sosyal yo pa t janm wè nan yon jenerasyon. Ane pase a, krim rapòte yo te ogmante tou atravè nasyon an ak Eta New York. Pou fè fas a ewozyon sekirite piblik sa a, Gouvènè Hochul te sekirize 227 milyon dola pou inisyativ sekirite piblik an 2022, epi Eta a te wè pwogrè kòm rezilta investisman sa a. Yo te retire plis pase 10,000 zam ilegal nan lari yo epi done preliminè yo montre ke fiziyad yo te desann 16 pousan nan kominote ki patisipe nan GIVE yo, epi asasina yo te diminye 10 pousan atravè eta a. Konpare ak peryòd pre-pandemi a soti 2017 jiska 2019, krim vyolan nan Vil New York te ogmante 32 pousan, alòske kominote andeyò senk minisipalite yo te fè eksperyans yon lejè ogmantasyon 4 pousan nan krim vyolan.

Finansman pou GIVE pral double nan 36 milyon dola, sa ki pral elaji itilizasyon estrateji ki baze sou prèv yo - aktivite lapolis nan zòn cho, dekourajman sibler, prevansyon krim atravè konsepsyon anviwònman an, ak kontak nan lari - ak rezilta nan anbochaj plis pase 150 ofisye lapolis ak pwokirè ki sèlman dedye pou konbat vyolans ak zam nan kominote yo. Inisyativ sa a sipòte 20 departman lapolis nan 17 konte ki reprezante plis pase 80 pousan krim vyolan ki fèt nan Eta New York andeyò Vil New York: Albany, Broome, Chautauqua, Dutchess, Erie, Monroe, Nassau, Niagara, Oneida, Onondaga, Orange, Rensselaer, Rockland, Schenectady, Suffolk, Ulster ak Westchester. Biwo avoka distri yo, departman pwobasyon yo, biwo cherif yo ak lòt patnè nan konte sa yo tou resevwa finansman atravè inisyativ la.

Finansman èd pou pouswit lajistis pral plis pase triple a 40 milyon dola, ki pral itilize pou anboche pwokirè adisyonèl nan 62 biwo avoka distri Eta a. Eta a pral sipòte tou 40 milyon dola nan finansman dekouvèt pou 57 konte andeyò Vil New York avèk aplikasyon lwa dekouvèt yo ak chanjman nan lwa sou kosyon Eta a, tou de ki te antre an vigè 1 janvye 2020. Jiska prezan, Eta a te atribye 80 milyon dola bay konte yo, ki te itilize finansman an pou fòmasyon, pèsonèl, lè siplemantè, sipò administratif, ekipman, lojisye ak koneksyon done. Konte yo te oblije soumèt plan bay DCJS ki te priyore demann pou biwo avoka distri yo, departman lapolis lokal yo, ak biwo cherif yo, men finansman an te kapab sipòte tou sèvis anvan pwosè ak ogmante sipèvizyon ka ki soti nan refòm sou kosyon, òganizasyon san bi likratif, ak laboratwa mediko-legal.

DCJS pral elaji Rezo Sant Analiz Krim li a tou, yon modèl nasyonal ak kolòn vètebral efò Eta ak lokal yo pou dekouraje, envestige, ak rezoud krim yo, nan Vil New York. Nouvo sant sa a ta rejwenn 10 lòt ki nan konte Albany, Broome, Erie, Franklin Monroe, Niagara, Oneida, Onondaga, Orange, Suffolk ki sèvi plis pase 350 ajans ki fè respekte lalwa atravè prèske 43 konte epi jere plis pase 60,000 demann chak ane.

Sipòte pa DCJS an patenarya ak ajans lokal ki fè respekte lalwa yo, sant yo te ede otorite lokal yo rezoud اساسina, fiziyad, vòl, krim rayisans, ak vòl an seri, ansanm ak krim gwoup kriminèl òganize nasyonal ak rejyonal yo komèt. Sant Vil New York la pral devlope epi ankouraje analiz krim ak patenarya sèvis ransèyman ak patnè nan senk minisipalite yo, ki gen ladan Departman Lapolis Vil New York, pou asire pataj done ak enfòmasyon nan tout eta a. Nouvo sant lan pral entegre avèk kapasite analiz krim rejyonal ki egziste deja nan Zòn Trafik Dwòg Gwo Entansite (High Intensity Drug Trafficking Area, HIDTA) nan New York-New Jersey (HIDTA), ki konsantre sou deranje komès nakotik ilegal epi sik vyolans ak zam.

Gouvènè Hochul pral pwopoze tou finansman adisyonèl pou konbat sikilasyon fentanil nan Eta a. Lòt analis krim ki konsantre sou distribisyon fentanil ak lanmò ki gen rapò yo pral deplwaye nan HIDTA, epi Eta a pral etabli yon Sibvansyon Inovasyon Anti-Fentanil pou pwokirè yo, sa k ap pèmèt yo vize chèn apwovizyonman yo ak pouswiv ka ki enplike lanmò nan ovèdòz, pami lòt pwopozisyon yo.

Anplis de sa, finansman an pral triple pou 20 gwoup travay sou re-entegrasyon nan konte ki founi jesyon ka dedye, kowòdinasyon swen, ak sèvis estabilizasyon, an

patenarya ak ajans gouvènman lokal yo ak òganizasyon ki baze nan kominote a. DCJS pral administre 12 milyon dola, ki pral pèmèt gwoup travay sa yo sèvi 7,500 moun chak ane, yon ogmantasyon 5,000 moun. Anplis zafè ede satisfè bezwen konpòtman, sante, travay, ak edikasyon, envestisman sa a pral elaji tou sèvis estabilizasyon pou moun ki fè fas ak kriz, konpanse depans pou lojman ak transpò inisyalye yo, bay alokasyon ak ankourajman pou fòmasyon mendèv ak travay epi sipòte patnè yo ki nan kominote ki bay sèvis enpòtan pou moun k ap retounen nan kominote yo.

Altènativ a pwogram anprizònman yo konekte moun avèk tretman ak sèvis, diminye itilizasyon anprizònman yo, ekonomize lajan kontribyab yo epi amelyore sekirite piblik nan redui residivis. Double finansman nan 30 milyon dola pou pwogram sa yo pral asire plis aksè ak disponiblite pwogram sa yo, ki te pwouve yo efikas epi ki bay yon retou enpòtan sou envestisman: 4 dola pou chak 1 dola ki depanse. New York pral ogmante sèvis sa yo, kreye yon pi bon rezo pwogram kominotè nan nasyon an, epi redwi re-arestasyon moun k ap tann jijman yo.

An menm tan, Eta a pral soutni envestisman li nan finansman sèvis anvan pwosè pou tout konte andeyò Vil New York. Finansman sa pral sipòte divès sèvis anvan pwosè, ki enkli depistaj ak evalyasyon, sipèvizyon, yon sistèm jesyon dosye santralize, ak pataj enfòmasyon avèk sistèm tribinal la. Depatman siveyans ak founisè kominotè yo ap resevwa finansman ki enpòtan pou elaji epi amelyore sèvis ki ranfòse sekirite piblik epi fè plis moun retounen nan tribinal.

Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (DOCCS)

Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a pral elaji pwogram pilòt Sipèvizyon Kont Angajman Vyolans (SAVE) soti Rochester rive Albany, Buffalo ak Syracuse. Moun ki sou libète kondisyonèl ke yo idantifye ki nan nivo risk ki pi wo pou yo komèt yon lòt krim ankò yo pral sou siveyans elektwonik ak sipèvizyon entansif.

DOCCS pral resevwa tou finansman adisyonèl pou founi yon ofisye libète kondisyonèl aplentan pou sèvi kòm kowòdonatè done pou chak jiridiksyon GIVE yo pou fasilite rasanbleman ak pataj enfòmasyon nan nivo lokal; epi entegre yon investigatè siperyè aplentan nan Biwo Envestigasyon Espesyal (Office of Special Investigations, OSI) nan DOCCS nan chak jiridiksyon fòs entèvansyon vyolans ak zam Lapolis Eta a pou ale ak rasanble enfòmasyon ki genyen ant jiridiksyon yo.

Estabilize sèvis ponpye nan tout Eta a pou amelyore entèvansyon ijans

Depatman ponpye volontè yo sèvi apeprè 9 milyon Nouyòkè, ki se prèske mwatye popilasyon Eta a. Nan dènye ane yo, sepandan, plis pase twa ka nan departman sa yo rapòte yon diminisyon nan kantite moun ki vle sèvi kòm volontè ak sèvi. An menm tan, apèl pou sèvis yo te ogmante 29 pousan soti 1997 rive 2020. De faktè sa yo te lakòz yon ogmantasyon siyifikatif nan apèl pou èd mityèl, kote yon departman ki reponn apèl la dwe chèche asistans nan men yon departman vwazen pou ede. Nan Eta New York, apèl èd mityèl yo te ogmante 151 pousan ant 2000 ak 2020, konpare ak ogmantasyon nasyonal 61 pousan sèlman. Sa a te lakòz gwo presyon sou resous ak pèsonèl departman ponpye volontè ak pwofesyonèl. Pou ranfòse rekritman ak retansyon, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon pou pèmèt kominote yo peye ti

konpansasyon bay ponpye volontè ki kalifye yo, epi tou kreye yon fon Eta a pou kouvri kèk nan depans ki asosye ak fòmasyon debaz ponpye yo. Fon an pral konpanse tou kèk nan salè volontè yo pèdi lè yo manke travay paske yo resevwa fòmasyon pou sèvi kominote yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418